



CENI

**IJAMBO RISHIKIRIJWE N'UMUKURU W'UMURWI  
WIGENGA UJEJWE GUTUNGANYA AMATORA (CENI) KU  
BAMENYESHAMAKURU KU GIKORWA CO GUSHIKIRIZA  
AMADOSIYE Y'ABIPFUZA KWITOZA MU BIBANZA  
VY'ABASHINGAMATEKA N'IVY'ABAJENAMA  
B'AMAKOMINE.**

**CENI, IGENEKEREZO RYA 03 NZERO 2025**

**Bubahwa Bakomiseri dusangiye imirimo ;  
Bubahwa bamenyeshamakuru mwatwitavye ;  
Bakozi ba CENI.**

1. Munkundire imbere ya vyose mbanze gukengurukira Imana Mushobora vyose yo yatuzigamye kugeza uyu musi uri hejuru. IKi kiganiro nico ca mbere umurwi CENI ugoranye namwe muri uyu mwaka dutanguye. Mboneyeho n'akaryo keza ko kubipfuriza noweli nziza n'umwaka mushasha mwiza wa 2025 ; uzobabere umwaka w'umunezero n'iterambere muri vyose ; umwaka w'amahoro n'amahonda ; utubere na cane cane mu

Page 1 sur 5

« Ensemble pour les élections démocratiques, libres, apaisées, inclusives et transparentes »

bitwerekeye hano, umwaka w'amatora meza mu gihugu cacu c'Uburundi.

2. Twabahamagaye Bubahwa bamenyeshamakuru, kugira tubamenyeshe intambwe umurwi CENI ugezeko mu bikorwa vyo gutunganya amatora ya 2025.Uno musi tukaba tuja kubabwira ibijanye n'itangwa ry'amadosiye kubipfuza kwitoza mu bibanza vy'abajenama b'amakomine no mu vy'abashingamateka.
3. Imigambwe mirongo ibiri n'itanu (25), urunani rw'imigambwe rumwe (1), abigenga cumi na bane (14) hamwe n'amashirahamwe y'abatwa cumi n'indwi (17) nibo baje gutora impapuro zitangwa na CENI zisabwa kwuzuzwa ngo zishirwe muri dosiye z'abipfuza kwitoza.
4. Imigambwe mirongo ibiri (20), urunani rw'imigambwe rumwe (1), abigenga cumi na babiri (12), amashirahamwe y'abatwa mirongo ibiri na rimwe (21) nibo bazanye ama dosiye y'abipfuza kwitoza mu bibanza vy'Abashingamateka.

Tubibutse ngaha ko amatora y'abajenama b'amakomine hamwe nay'abashingamateka ategengekajwe kw'igenekerezo rya 05 ruheshi uno mwaka wa 2025 nk'uko ikiranga misi c'amatora twashikirije kw'igenekerezo rya 15 ukwezi kwa gitugutu umwaka wa 2024 kibitegekanya.

5. Inyuma y'ingingo y'Umukuru w'Igihugu i nimero **100/187 ryo kw'igenekerezo rya 7 kigarama 2024** ihamagarira Abarundi bakwije ibisabwa n'amategeko kwitabira amatora yo mu 2025, amadosiye ku bipfuza kuzoba abajenama b'amakomine yaratanzwe ku rwego rw'imigwi ijejwe gutunganya amatora mu ntara ari yo CEPI, kuva kw'igenekerezo rya 09 gushika ku rya 18

kigarama umwaka wa 2024; amadosiye ku bipfuza kuba abashingamateka na yo atangwa kuva igenekerezo rya 09 gushika 23 kigarama, umwaka wa 2024. Ku rugero rumwe rumwe rwose, hisunzwe kandi ingingo zi 108 ; 129 n'130 z'itegeko rigenga amatora, hacie hakurikira igikorwa co gusuzuma yuko amadosiye yatanzwe yoba akwije ibisabwa n'amategeko.

6. Abatanze amadosiye ku rwego rw'intara CEPI baramenyeshejwe ivyavuyemwo kw'igenekerezo rya 26 kigarama 2024, amadosiye yemewe akwije ibisabwa n'amategeko. Abatashimishijwe n'ingingo yafashwe n'ama CEPI barashikirije umurwi CENI ibirego vyabo intara ku ntara ku ma genekerezo ya 27 na 28 kigarama 2024.
7. Abatanze amadosiye bipfuza kuba abashingamateka nabo baramenyeshejwe ivyavuyemwo kw'igenekerezo rya 31 kigarama 2024. Abatashimishijwe n'ingingo yafashwe na CENI bari bafise uburenganzira bwo gushikiriza ibirego vyabo muri Sentare ijejwe kubahiriza ibwirizwa nshingiro ku ma genekerezo ya 2 na 3 nzero 2025. Sentare ijejwe kubahiriza ibwirizwa nshigiro ifise imisi umunani kuva kw'igenekerezo rya 4 gushika ku rya 11 nzero 2025 kugira ibe yashikirije umwihwezo wayo.

Inyuma yaho bitegekanijwe ko umurwi CENI uzoca ushikiriza urutonde ntabanduka rw'abazokwitoza mu bibanza vy'amashingamateka.Hazoba ari kw'igenekerezo rya 13 nzero 2025.



8. Umurwi w'igihugu wigenga ujejwe gutunganya amatora CENI uboneyeho n'akaryo ko gushimira imigambwe, inani z'imigambwe ndetse n'abigenga, bashoboye gushikana amadosiye yabo kugira baje mu bitoza muri ayo matora y'umwaka wa 2025 kandi bakabikora ku gihe cari gitegekanijwe. Umurwi CENI umaze kwihiweza neza amadosiye ya bamwe n'abandi, wisunze kandi ingingo y'130 y'itegeko rigenga amatora, ukaba warerekanye intonde z' abemerewe kuzokwitoza bari bakwije ibisabwa n'abatemerewe hamwe n'imvo zatumye batemererwa.

Ivyavuye muri ico gikorwa bikaba vyarashikirijwe abatanze amadosiye itariki 31 nk'uko bisanzwe bitegekanijwe n'ikirangamisi c'amatora.

**Bubahwa Bakomiseri ;**

**Bubahwa bamenyeshamakuru;**

**Bakozi ba CENI,**

9. Ivyo ni vyo umurwi w'igihugu wigenga ujejwe gutunganya amatora CENI washoboye gushikako, inyuma y'igikorwa kijanye n'isuzuma ry'amadosiye yatanzwe n'imigambwe, inani z'imigabwe hamwe n'abigenga bipfuza guhiganirwa kuba abashingamateka hamwe n'abajenama b'amakomine. Abo amadosiye yabo atashoboye kwakirwa barafise uburenganzira bwo kwitwara, aho ni ku matariki ya kabiri na gatatu kuno kwezi kwa mbere 2025.

Nkaba nsubiye kubakengurukira Nongera kandi ndabipfuriza noweli nziza n'umwaka mwiza w'2025 ; twitabe amatora azodushikana kuri ya mbona kazosa y'Uburundi bwifashe mu 2040 buteye imbere mu 2060.

**MURAKOZE IMANA IBAHEZAGIRE**

**Bigiriwe i Bujumbura  
kw'igenekerezo rya 03 /01/2025**

**Prosper NTAHORWAMIYE**

**Umukuru w'Umurwi CENI**

